



# Ki sa pou atann premye fwa a w prale tribinal imigrasyon nan Minnesota

(What to Expect the First Time You Go to Immigration Court in Minnesota)

Fèy enfòmasyon sa a pale sou sa pou w fè anvan yon odyans nan tribinal imigrasyon ak sa pou w atann lè w rive nan tribinal la. Li PA ede w ranpli fòm oswa aplike pou pèmasyon pou travay. Li PA gen enfòmasyon sou azil, diferan kalite viza, oswa lòt pwogram. Bibliyotèk oto-éd LawHelpMN a gen lòt fèy enfòmasyon sou sijè sa yo nan [lawhelpmn.org/self-help-library/immigration](http://lawhelpmn.org/self-help-library/immigration).

Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.

# Tcheke si ou gen yon odyans

## Kisa k ap pase premye fwa a mwen ale nan tribinal imigrasyon?

Tribinal imigrasyon an decide sou ka depòtasyon yo. Premye fwa ou ale nan tribinal la se pou yon **odyans kalandriye jeneral**. Sa yo se odyans kout pou chèche konnen pwochen etap nan ka w la. Tribinal imigrasyon fè pati yon ajans gouvènman yo rele tou "Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon" (Executive Office of Immigration Review, EOIR).



### Pa rate odyans ou!

Si w rate odyans ou a, **jij la pral bay lòd pou yo depòte w**. Lè sa a, ou gen risk pou yo depòte w nenpòt ki lè. Ale nan odyans ou menm si ou pa gen yon avoka. Di tribinal la chak fwa ou chanje adrès w. Rezon an se pou asire w ou resevwa nenpòt avi tribinal la voye ba ou.

## Kouman pou mwen tcheke si mwen gen yon odyans?



**Pa telefòn.** Rele liy gratis EOIR a nan **1-800-898-7180**. Antre A Nimewo oswa yo rele l tou "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Vizite [immigrationhelp.org](http://immigrationhelp.org) pou jwenn A Nimewo ou a.) Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy dirèk la an angle ak panyòl. Pouse 2 pou èd nan lang panyòl.



**Sou entènèt:** Vizite [acis.eoir.justice.gov](http://acis.eoir.justice.gov). Antre A-Nimewo ou. Gade "Next Hearing Information" (Enfòmasyon sou Pwochen Odyans) ak "Court Contact Information" (Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la).

Tcheke pou tout moun nan fanmi w ki gen yon A Nimewo. Pafwa odyans yo pwograme nan jou diferan pou diferan ka yo menm si odyans yo se pou manm nan menm fanmi an. Si ou **POKO** gen yon odyans pwograme, rele oswa gade sou sit wèb la 1 fwa chak jou.

# Anvan odyans ou

## Ki kote odyans mwen ye?

Ou ka ale nan odyans ou an pèsòn oswa fè li pa konferans videyo.



### An pèsòn nan tribinal la.

Swiv etap sa yo nan "Jou odyans ou a: kisa pou w atann" seksyon fèy enfòmasyon sa a.



### Konferans videyo Webex sou yon òdinatè, telefòn oswa tablèt.

Lyen Webex a ta ka nan avi odyans ou te resevwa nan men tribinal la. Vizite [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org) oswa eskane kòd QR la pou enstriksyon Webex. Li gen lyen ki mennen nan sal tribinal vityèl pou chak jij.



## Ki moun ki ta dwe vin nan odyans lan?

**Tout moun nan fanmi an ki gen yon odyans ta dwe ale, sa gen ladan timoun yo tou.** Ou ka mande jij la si timoun piti yo bezwen vini nan odyans alavni. Men, yo bezwen ale nan premye odyans yo. Jij la ka mande timoun yo pou yo rete nan zòn datant lan. Pote yon moun k ap viv Ozetazini legalman (yon moun ki gen papye legal) pou gade yo.

## Kisa mwen ta dwe pote avè m?

- Nenpòt dokiman imigrasyon ou genyen
- Yon ID, si ou genyen youn
- 3 kopi nenpòt fòm w ap soumèt
- Yon kaye ak yon plim pou ekri enfòmasyon enpòtan
- Yon katab pou kenbe dokiman yo ba ou




# Jou odyans ou a: kisa pou w atann

## Ki pi bonè mwen ta dwe rive?

Ale nan tribinal la 30 minit a 1 èdtan anvan lè odyans ou a. Planifye pou w nan tribinal la pou 4 èdtan. Odyans ou ka dire 15 minit. Men, ou ta ka oblije ret tann yon bon bout tan pou li kòmanse.

## Kijan pou m rive nan tribinal la?



Eskane kòd QR a pou jwenn direksyon sou Google Maps.



### Tribinal.

Tribinal Imigrasyon Fort Snelling  
Evèk Henry Whipple Federal Building  
1 Federal Drive, Suite 1850  
Fort Snelling, MN 55111  
Nimewo telefòn: (612) 725-3765, #0 pou resepsyon an



### Pakin.

Gen pakin gratis devan tribinal la. Pase nan yon estasyon gad pou antre nan pakin. Montre pyès idantite w. Genyen yon lòt pakin tou pre nan Fort Snelling Station N.



### Tren.

Tribinal la toupre **Fort Snelling Station N**. Estasyon sa a se sou lye Twin Cities Metro Transit Blue Line la. Vizite: [metrotransit.org](https://metrotransit.org) pou konnen wout ki pi bon an.

## Ki kote pou m ale andedan tribinal la?

### Etap 1: Pase nan sekirite.

Gen gad sekirite lè ou antre nan tribinal la. Ou bezwen:



**Retire soulye ak senti w. Vide pòch ou. Pase tout sa ou te pote avèk ou nan yon machin radyografi.** Sa gen ladann telefòn ou, valiz, ak sakado. Retire òdinatè, tablèt, ak elektwonik nan sak ou. Mete yo nan yon plato apa. Pa pote zam nan tribinal la. Pa pote koloy, pafen, oswa espre deyodoran.



**Pase nan yon detektè metal.** Si detektè a sonnen, gad sekirite a pral mande w pou w ouvri ponyèt w yo ak pye w yo. Yo pase yon baton devan kò ou pou jwenn metal la. Detektè metal la ta ka sonnen akòz bijou.

### Etap 2: Ale nan zòn sal datant lan (chanm # 1850) epi tcheke alavans devan ofisye a.


Pou ale nan zòn sal datant lan:

- Vire premye koulwa ou **agoch** apre sekirite. Vire devan asansè yo.
- Swiv koulwa sa jouk nan fen an.
- Sal datant Tribinal la sou bò gòch la. Se chanm #1850.

Nan sal datant lan, al tcheke nan fenèt biwo kote yo depoze dokiman yo oswa avèk moun nan ki chita bò tab la. Tcheke nan fenèt yo depoze dokiman yo a oswa avèk moun nan ki chita bò tab la. Moun nan pral mande A-Nimewo w epi mande si w gen yon odyans jodi a. Petèt y ap gen yon moun ki pale panyòl nan biwo kote yo tcheke a.

### Etap 3: Rete nan sal datant jiskaske yon moun rele ou nan sal tribinal ou.

## Ki moun ki pral nan sal tribinal la pandan odyans mwen an?



**Ou menm.** Travay ou se di jij la poukisa ou ta dwe rete Ozetazini.



**Avoka gouvènman an.** Travay yo se fè yo depòte ou. Yo se advèsè ou. Yo ka nan sal tribinal la oswa sou yon ekran videyo.



**Jij.** Travay yo se koute ou menm ak avoka gouvènman an. Jij la se moun ki deside si yo pral depòte w. Yo net. Yo ka nan sal tribinal la oswa sou yon ekran videyo.



**Entèprèt.** Yon moun ki ede w kominike ak tribinal la nan lang ou pi alèz pale a. Yo ta ka nan sal tribinal la oswa sou yon ekran videyo.



**Moun ki chita dèyè nan sal tribinal la.** Yo ta ka ap tann pwòp odyans yo. Yo ta ka tou volontè la pou asire ke dwa yo pa vyole.

## Kisa k ap pase pandan yon odyans kalandriye jeneral?

Tout sa yo di pandan odyans lan anrejistre. Reponn tout kesyon jij la poze w onètman.

### Pandan odyans lan, jij la:

- Li di **dat la** ak non tribinal la.
- **Prezante** tèt li, ou menm, entèprèt la, ak avoka gouvènman an.
- Poze w kèk **kesyon debaz**, tankou:
  - Èske w ka konfime non w, adrès ou ak lang ou pi alèz pou w itilize a? (Jij la di w kijan pou w mete ajou adrès ou ak tribinal la si sa nesèsè.)
  - Èske w te resevwa yon avi pou w parèt?
  - Ou gen yon avoka? Èske ou vle plis tan pou jwenn yon avoka?
  - Èske w konnen poukisa ou nan tribinal?
  - Ou gen nenpòt kesyon pou mwen?
- L ap ba w yon lis ki montre ki **kote ou ka pale ak yon avoka gratis**.
- Poze w kesyon pou w wè ki **pwogram ou ta ka elijib**. Li ta ka mande:
  - Èske w pè tounen nan peyi w?
  - Èske w gen yon timoun, paran oswa mari oswa madanm ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan legal?
  - Konbyen tan ou genyen Ozetazini?

### Pandan odyans lan, ou kapab:

- Mande jij la pou yon **entèprèt** nan lang ou pi alèz pou pale a.
- Mande jij la pou **fè res moun kite sal tribinal la** si ou bezwen konfidansyalite. Ou ta ka vle pale an prive sou vyolans nan kay la, trafik sèks, oswa pwoblèm sante mantal.
- Mande jij la **plis tan** pou jwenn yon avoka.
- Di jij la si adrès **ou te chanje**.
- **Depoze fòm yo** si ou gen yo deja pare.
- Mande jij la pou **kopi fòm yo** ou bezwen, tankou yon aplikasyon pou azil oswa yon fòm chanjman adrès.
- Mande jij la si **ti piti ou yo** bezwen ale nan odyans alavni.

## E si mwen pa alèz pou pale angle?

Pandan odyans ou a, ou gen dwa pou kominike nan lang ou pi alèz pou itilize a. **Tribinal la dwe ba ou yon entèprèt**. Mennen yon moun ou fè konfyans ki pale angle nan odyans lan pou ede w mande yon entèprèt. Ou ka mande pou repwograme odyans ou a si pa gen yon entèprèt la. Pa kite pèsonn fè presyon sou ou pou kontinye odyans lan an angle.

# Aprè premye odyans ou

## Kisa mwen ta dwe fè apre?

Aprè premye odyans ou a, jij la pral pwobableman pwograme yon lòt odyans. Li pral rive nan kèk mwa. **Anvan pwochen odyans ou a, pale ak yon avoka imigrasyon.** Yo poze w kesyon pou wè nan ki pwogram ou ka elijib. Epitou avoka a ka ba ou delè.

Rele avoka gratis ki sou lis jij la ba w a. Avoka gratis yo nan gwo demann. Ou kapab tou chèche avoka ki bay sèvis gratis sou [LawHelpMN.org](http://LawHelpMN.org). Ou pa garanti yon avoka gratis jis paske ou mande pou youn. Ou ka anboche yon avoka prive tou si ou kapab peye youn. Yon jij ka di, "Pa tounen nan tribinal la san yon avoka." Sa a pa kòrèk. **Si ou pa jwenn yon avoka, ou toujou bezwen ale nan dezyèm odyans ou a.** Ou ka pale pou tèt ou si ou pa ka jwenn yon avoka pou ede w.

## Pou ki pwogram mwen ka aplike pou mwen rete Ozetazini?

Yon avoka ka di w pou ki pwogram ou kalifye. Fason ki pi komen pou rete Ozetazini se pou aplike pou:

- **Azil.** Ou ka kalifye pou azil si ou pè retounen nan peyi ou paske ou te blese oswa yo pral blese w akòz ras ou, relijyon, nasyonalitye, opinyon politik, oswa paske ou fè pati yon gwoup sosyal patikilye. **Ou bezwen aplike pou azil nan lespas 1 ane apre dènye antre w Ozetazini.**
  - **Egzanp:** Dènye fwa Marco te antre Ozetazini se te 1ye fevriye 2024. Kilè li oblije aplike pou azil? **Li ta dwe aplike anvan 31 janvyè 2025.**
  - Ou ta dwe toujou aplike menm si li te gen plis pase yon ane. Gen kèk eksepsyon, tankou si ou te gen yon pwoblèm medikal. Vizite [immi.org](http://immi.org) pou jwenn plis enfòmasyon.
- **U Visa.** Ou ta ka elijib pou yon U Visa si ou te viktim yon krim vyolan nan peyi Etazini epi kolabore ak lapolis ameriken. Revize fich enfòmasyon LawHelpMN [sou "Victims of Crime and U Visas \[Viktim Krim ak Viza U\]."](#)
- **Special Innocent Juvenile Status [Estati Espesyal Jivenil Inosan].** Ou ka kalifye pou pwogram sa a si yon paran te abize w, neglije w oswa abandone w. Ou dwe poko gen 21 an. Revize fich enfòmasyon LawHelpMN a [sou "Special Immigrant Juvenile Status \[Estati Espesyal Imigran Jivenil\]"](#).

## Èske mwen ka travay pandan m ap tann pwochen odyans mwen an?

Ou bezwen pèmasyon nan men gouvènman an pou travay. Vizite [uscis.gov/i-765](http://uscis.gov/i-765) pou aprann plis.

**Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.**

*Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.*

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodi dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsònèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.